



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL GARANTI DEKLARASYON SIBVANSYON ASISTANS POU
JESYON ENSANDI KI SOTI NAN FEMA POU SIPÒTE OPERASYON KONTINYÈL
YO POU KONBAT ENSANDI FORÈ NAN PAK ETA JENNINGS CREEK/STERLING
LAN**

*Deklarasyon an ouvè opòtinite pou resevwa finansman sibvansyon federal pou
sipòte operasyon kontinyèl yo pou konbat ensandi forè*

*Ensandi nan Pak Eta Jennings Creek/Sterling lan se pi gwo ensandi nan Eta depi
omwen 2008*

*Entèdiksyon boule nan tout eta a rete an vigè; danje ensandi "Trè wo" pou Long
Island ak Hudson Valley*

Gouvènè Kathy Hochul te sekirize jodi a yon Deklarasyon Sibvansyon Asistans pou Jesyon Ensandi (Fire Management Assistance Grant, FMAG) nan men FEMA ki ouvri pòt pou finansman federal ki ta kouvri kèk nan depans ki asosye ak efò kontinyèl yo pou konbat ensandi forè nan Pak Eta Jennings Creek/Sterling. Deklarasyon sa a deklanche yon pwosesis revizyon akselere ki ka mennen nan asistans sibvansyon FEMA ki baze sou yon ensandi kontinyèl san kontwòl k ap kreye yon gwo menas destriksyon. Finansman ki soti nan sibvansyon an ta ranbouse gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo pou kèk nan depans ki gen rapò ak konbat ensandi sa a, soti nan depans pou mendèv ak operasyon èd mityèl.

"Deklarasyon Sibvansyon Asistans pou Jesyon Ensandi a ouvri pòt pou finansman federal enpòtan pou ede kouvri depans ki asosye avèk reponn ak ensandi forè Pak Eta Jennings Creek/Sterling la ak pwoteje moun ki sou pakou li yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Ansanm ak patnè nou yo nan gouvènman federal, eta ak lokal, n ap travay san kanpe pou kontwòle ensandi a epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Deklarasyon Sibvansyon Asistans pou Jesyon Ensandi (FMAG) a baze sou kat faktè — menas pou lavi ak pwopriyete, disponiblite resous leta ak lokal yo, kondisyon risk ensandi elve ak potansyèl enpak ekonomik. Pou atenn sèy pou sibvansyon an, eta a dwe montre total depans elijib yo ki rive oswa depase 1.85 milyon dola. Depans ki elijib yo enkli mendèv; vwayaj ak endamnite chak jou (per diem); reparasyon tanporè nan domaj ki te koze pa aktivite ponpye; èd mityèl, ak mobilizasyon ak demobilizasyon.

Nan tout eta a kounye a gen trèz ensandi forè nan Eta Nouyòk ki kouvri plis pase 2,023 ekta tè ki gen ladan ensandi Pak Eta Jennings Creek/Sterling lan. Repons pou dènye ensandi forè Nouyò yo enkli:

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) yo ap kontinye dirije repons milti-ajans Nouyòk la fas ak ensandi forè nan Pak Eta Forè Jennings Creek/Sterling anba Kòmandman Inifye ak Sèvis Ensandi Forè New Jersey (New Jersey Forest Fire Service). Jiska prezan, 33 Gad Forè DEC, ponpye forestye, ak lòt pèsònèl sipò, anplis 18 ponpye ki soti Montana, de ki soti nan Colorado, ak plizyè santèn volontè ki baze nan Nouyòk, yo te asiyen nan dife a. Prèske 4,800 kawo tè atravè Nouyòk ak New Jersey yo te boule epi DEC ap kontinye aplike operasyon ak patnè jiskaske ensandi a fini nèt.

DEC ak patnè repons ijans yo te adrese plis pase yon douzèn lòt ensandi atravè eta a pandan peryòd tan sèk pwolonje sa a.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

- Plan Mobilizasyon kont Ensandi ak Èd Mityèl NY te aktive pou ede Konte Orange epi Sant Operasyon kont Ensandi OFPC a te aktive depi wikenn nan. Avèk resous sa yo ak lòt sipò lokal yo, 152 depatman te reponn ak plis pase 650 ponpye.
- Manm Ekip Jesyon Ensidan Eta Nouyòk yo te bay asistans dirèk ak GIS, lojistik ak finans epi kounye a yon ekip 12 moun ap sipòte kowòdinasyon sou plas.
- Plis pase 15 anplwaye ki soti nan Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC), Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) ak Biwo Kominikasyon Konpatib ak Ijans (Office of Interoperable and Emergency Communications) te bay sipò pou operasyon ensandi nan konte Ulster ak Orange depi wikenn ki sot pase a.
- Sipò kominikasyon enkli enjenyè kominikasyon, tou radyo pòtab, kamyon kominikasyon pa satelit ak ekipman adisyonèl, epi kowòdone yon sit AT&T/FirstNet sou wou ki bay sèvis selilè ki gen ladan kapasite selilè 911.
- OEM te kowòdone atravè ajans eta yo pou adrese kapasite repons yo
- Atik ki soti nan depo eta a gen ladan 225 kabann

Lapolis Eta Nouyòk

- Plizyè elikoptè te egzekite apeprè 300 vwayaj ap lage dlo.
- Sistèm Ayeryen San Pilòt (dròn) siveye pwopagasyon ensandi a ak efò ponpye yo.
- Twoup ak inifòm k ap ede w fèmti wout/kontwòl sikilasyon.
- Founi anplwaye pou pòs kòmand

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta Nouyòk

- 22 anplwaye operasyon
- 2 dozè OPRHP ak operatè
- 2 ofisye enfòmasyon piblik
- 4 manadjè ijans rejyonal
- 6 gad forè Pak
- 9 ofisye polis Pak
- 1 sèjan polis pak
- 2 lyetnan polis Pak
- 1 kapitèn Polis Pak
- 2 majò polis pak
- 1 chèf polis pak

Yon anplwaye operasyon te blese mòtèlman pandan li t ap fè entèkansyon 10 novanm lan.

Divizyon Afè Militè ak Lamarin (Division of Military and Naval Affairs)

- 2 elikoptè Blackhawk Gad Nasyonal ak 8 manm ekipaj
- 2 elikoptè Chinook

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision)

- Ekip kont kriz ki gen 20 moun

Depatman Transpò (Department of Transportation)

- 4 bouldozè

Fason pou redwi ekspozisyon lafimen gen ladan:

- Fè atansyon ak lè ou a: Anvan ou ale travay, fè egzèsis, oswa anvan ou ale nan pak ak timoun yo, tcheke previzyon AQI epi ajiste aktivite deyò ou yo si move gen kalite lè. Planifye davans lè w enskri pou resevwa imèl alèt sou kalite lè.
- Rete andedan: Kenbe fenèt yo ak pòt yo fèmen pou kenbe lè andedan kay la pwòp. Si lafimen antre andedan, achte oswa fè pwòp filtè lè pòtab pa ou pou diminye patikil andedan kay la, oswa itilize filtè lè HEPA nan sistèm HVAC ou a.
- Mete yon mask: Si ou dwe soti deyò, yon mask N95 ke ou byen mete ka filtre gwo patikil lafimen, sa k ap diminye kantite PM ou respire.
- Ale dousman: Evite aktivite difisil deyò ki ka lakòz ou respire pi lou.
- Pwoteje moun ki pi vilnerab yo: Moun k ap okipe timoun yo, granmoun aje yo ak moun ki gen opresyon yo ta dwe sitou fè atansyon. Lè AQI a wo, asire w ke ou limite aktivite deyò yo pou kenbe yo an sekirite.
- Pran swen zanmi ki gen kat pat ou yo: Kenbe pwomnad deyò ak bèt kay ou a kout epi ki ba pou pwoteje yo kont menm iritasyon nen, je, gòj ak nan poumon ke moun fè eksperyans.

- Pou moun ki pase tan deyò, lè kalite lè a pa bon pou lasante, yo rekòmande mete yon mask ki byen adapte. Yon N95 oswa KN95 ap fonksyone pi byen. Gen plis enfòmasyon sou previzyon Kalite Lè Eta Nouyòk la ki disponib isit la. Pou w verifye kalite lè aktyèl lokal ou a, ale sou www.airnow.gov.

Eta Nouyòk te mete an aplikasyon yon entèdiksyon pou boule boukan nan tout eta a ki anvigè jiska 30 novanm akòz risk ogmantasyon Entèdiksyon boule boukan sa a entèdi pou yo kòmanse dife deyò nan tout eta a nan objektif pou elimine tout bwa ak debri, ansanm ak dife kan ki pa kontwole, ak dife ouvri yo itilize pou kwit manje. Yo pèmèt fwaye dife nan lakou ak dife kan ki genyen mwens pase twa pye nan wotè ak kat pye nan longè, lajè, oswa dyamèt, menm jan ak ti dife ki genyen pou kwit manje. Yo entèdi boule fatra oswa fèy yo pandan tout ane a nan Eta Nouyòk epi plizyè minisipalite gen entèdiksyon boule boukan ki anvigè kounye a.

Jodi a, danje ensandi nan Hudson Valley ak Long Island te ogmante nan nivo "trè wo;" zòn Catskill, Upper Hudson Valley/Champlain, St. Lawrence, ak Leatherstocking yo "wo;" Adirondack, High Peaks, Lake Ontario, ak Southern Tier kounye a gen yon risk "modere" pou ensandi. Enfòmasyon mizajou sou nivo risk ensandi yo disponib nan [sitwèb Paj kat jewografik Danje Ensandi DEC la](#). Dife ka vin grav epi kontwole yo difisil sof si yo atake yo avèk siksè pandan yo piti.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)